

Kòman ou kapab tradwi yon dokiman

Pou ou tradui yon dokiman de fason dijital, ale nan eskanè nan bibliyotèk la. Si ou ta renmen chanje lang nan machin nan, ou ka fè sa lè w peze bouton "Language" ki sou bò dwat ekran an. Lè w pare pou kòmanse peze bouton an "Press to Start" nan mitan ekran an.

Koulye a, yo pral mande w pou chwazi ki eskanè ou ta renmen itilize. Chwazi yon eskanè epi peze bouton "Next". Chwazi kisa ou ta renmen fè, chwazi "Scan-to-Translate" nan pati anba adwat lis la, apres a peze "Next". Yon ekran rekonesans copyright ap parèt. Si ou dakò ak kondisyon yo, peze bouton "Aksepte".

Kounye a, chwazi nan ki lang ou ta renmen tradui dokiman w lan. Apre sa ou pral bezwen chwazi ki jan ou vle anrejistre dokiman ou tradui a. Ou pa kapab enprime dokiman ou tradui a isit la.

Kounye a sou paj eskanè a. Asire w ke dokiman ou yo byen plase nan eskanè a epi peze bouton vèt "Scan". Lè ou fini eskane tout dokiman ou yo peze bouton "Next". Koulye a, yo pral mande w pou antre enfòmasyon sou kèlkeswa metòd pou anrejistre dokiman ou te chwazi a. Apre ou fin antre enfòmasyon yo peze bouton "Next" epi finalize pwosesis la.

1. Chanje lang nan ekran eskanè anba adwat ekran an ansi sa nesesè, peze nan mitan ekran an "Press to Start"
2. Chwazi ki eskanè ou vle itilize
3. Chwazi "Scan-to-Print" anba a dwat ekran an
4. Dakò ak rekonesans dwa otè a (copyright)
5. Chwazi lang ou vle a
6. Chwazi metòd pou anrejistre dokiman an
7. Mete dokiman yo nan eskanè a epi peze bouton vèt "Scan".
8. Antre enfòmasyon ki nesesè pou anrejistre dokiman ou an